# PRAGMATIKALÍQ JANTASÍW TIYKARÍNDA SÍPAYÍLÍQ KATEGORIYASÍNÍŃ ÚYRENILIWI

**B.Qaypova,**
*NMPI, 1-kurs tayanısh doktorantı*
*Bibiruzaqaypova@gmail.com*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19021891

***Annotaciya:*** *Maqalada sıpayılıq kategoriyasınıń pragmatika menen tığız baylanıslılığı hám pragmatikalıq tábiyatı hám onıń kommunikativlik procestegi ornı ilimiy-teoriyalıq jaqtan talqılanadı. Izertlewde sıpayılıq lingvopragmatikalıq qubılıs sıpatında analizlengen, onıń sóylesiw qatnasıwshıları arasındağı sociallıq qatnasıqlardı ámelge asırıwdağı roli sáwlelendiriledi. Sonday-aq bul kategoriyanıń pragmatikalıq sistemadağı áhmiyeti hám onıń kommunikativ nátiyjelilikti támiyinlewdegi ornı úyrenilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *sıpayılıq, kategoriya, pragmatika, mádeniyat, lingvopragmatika.*

***Annotation****: The article discusses the close connection of politeness with pragmatics, its pragmatic nature, and its role in the communicative process from a scientific and theoretical perspective. In the study, politeness is analyzed as a linguopragmatic phenomenon, and its role in regulating social relations between participants in communication is highlighted. The significance of this category in the pragmatic system and its role in ensuring communicative effectiveness have also been studied.*

***Keywords:*** *politeness, category, pragmatics, culture, linguopragmatics.*

***Аннотация:*** *В статье с научно-теоретической точки зрения анализируется связь категории вежливости с прагматикой, её прагматическая природа и её роль в коммуникативном процессе. В исследовании вежливость анализируется как лингвопрагматическое явление, подчеркивается её роль в регулировании социальных отношений между участниками общения. Также была изучена важность этой категории в прагматической системе и её роль в обеспечении коммуникативной эффективности.*

***Ключевые слова:*** *вежливость, категория, прагматика, культура, лингвопрагматика.*

Sońǵı jıllarda til, mádeniyat, koncept, milliy-mádeniy ózgeshelikler, kategoriyalar hám kommunikaciya dawamındaǵı birqansha máselelerge qızıǵıwshılıq artıp barmaqta, sonıń ishinde eń áhmiyetli kategoriyalardıń biri esaplanǵan sıpayılıq kategoriyasına degen ilimiy jantasıwlar-da anǵurlım kóbeymekte. Sıpayılıq kategoriyasına bolǵan izertlewler áyyemgi dáwirlerden baslanǵan, yaǵnıy birinshilerden bolıp Mısır dereklerinde ushıratıwımız múmkin, keyinshelik bul túsinikke degen kóz-qaras kúsheyip lingvistlerdıń tiykarǵı izertlew obyektine aylanıp bardı. P. Brown hám S. Levinson ózleriniń izertlewleri barısında bul túsiniktiń keń mánide sociallıq kelispewshiliklerdi jumsartıw hám shaxslar aralıq garmoniyanı saqlaw ushın qollanılatuǵın strategiyalar jıyındısı ekenligin miynetlerinde keltirip ótedi [Brown, P., & Levinson, S. C. 1987]. Bul E .Goffmannıń (face) júz koncepciyası baylanıslılıǵın aytıp ótiwimiz kerek, yaǵnıy bul sociallıq kontekstlerde

individtiń obrazı júzi, hám usı tiykarda bir-birine óz-ara baylanıslı bolǵan sıpayılıqtıń unamlı hám unamsız júz ózgesheliklerin usınadı.

Sıpayılıq normaların saqlaw, óz-ara múnásibettiń, pikir almasıwdıń tiykarǵı ózgesheligi esaplanıp ǵana qoymay, sóylesiw dawamında pikirimizde qalay jetkerip beriwımizge de óziniń tásirin tiygizip otıradı, yaǵnıy kommunikaciya dawamında insanlardıń bir-birine degen qatnasında da óz kórinisin tabadı. Sıpayılıq kategoriyası bul keń túsinik bolıp, ol pánler aralıq úyreniwdi talap etedi, al onıń nátiyjesinde bolsa, jámiyet hám mádeniyattaǵı bar bolǵan normalar tereń meńgerilip mádeniyatlar ara túsinbewshilikke jol qoyılmay, durıs sáwbet alıp barıwǵa iytermeleydi. Til biliminde bul kategoriya túrli baǵdarlarda úyrenilgen yaǵnıy ol sóylew qaǵıydaları sıpatında, etiket penen baylanıslılıǵı, insannıń mártebesin bahalaw hám onıń júzin saqlaw haqqında ilimiy-teoriyalıq kóz-qaraslar úyrenilgen.

Ilimiy izertlew obyekti sıpatında bolsa sóylew mádeniyatı, etiket, mádeniyatlar aralıq baylanıs baǵdarları menen baylanıslı úyreniliwi menen bir qatarda lingvistika, lingvomádeniyat, sociolingvistika, pragmatika, psixologiya, kommunikaciya, etnografiya, entolingvistika, hám basqada  pánler menen baylanıslı úyreniliwdi de talap etedi. Joqarıda keltirilgen maǵlıwmatlarǵa súyenip bul kategoriyanıń pragmatikadaǵı ornı ayrıqsha ekenligin kóriwimizge boladı.

Til biliminde pragmatika sóylew procesinde til birlikleriniń qollanılıw nızamlıqların úyreniwshi áhmiyetli teoriyalıq baǵdarlardan biri bolıp esaplanǵanlıǵı sebepli bul sıpayılıq kategoriyasınıń tiykarǵı wazıypaların  tolıq ashıp beriwde xızmet etedi. Bul baǵdardıń qáliplesiwi hám metodologiyalıq tiykarları, tiykarınan semiotikalıq izertlewler menen óz-ara baylanıslı. Atap aytqanda, Ch. Morris tárepinen islep shıǵılǵan semiotikalıq koncepciyada pragmatika sintaksis hám semantika menen bir qatarda belgi sistemaların izertlewshi óz aldına ilimiy taraw sıpatında tán alınadı. Ilimpaz, pragmatikanı, belgiler hám olardı úyreniwshiler arasındaǵı qatnasıqlardı izertlewshi baǵdar sıpatında belgilep, til hádiyselerin insan faktorı menen baylanıslı halda talqılaw zárúrligin tiykarlap beredi [Morris, Charles W. 1938].

Keyingi pragmatikalıq izertlewlerde bolsa, bul kózqaras sóz mánisiniń qáliplesiw procesin túsindiriwde áhmiyetli teoriyalıq tiykar bolıp xızmet etti. Sonıń ishinde, G. Yule pragmatikalıq mánini tek ǵana til birlikleriniń sózlik yamasa grammatikalıq ózgeshelikleri menen túsindirip bolmaytuǵının atap ótedi. Onıń pikirinshe, sóylewdiń mazmunı sóylewshiniń kommunikativ niyeti, tıńlawshınıń talqılawı hám de sóylew ámelge asırılıp atırǵan jaǵday menen belgilenedi. Sonıń ushın, pragmatikalıq analizde kontekst tiykarǵı túsiniklerden biri sıpatında qaraladı

hám ol sóylew mánisiniń dinamikalıq ózgesheligin kórsetedi [Yule, George. Pragmatics. 1996].

Pragmatikalıq qatnastıń sociallıq hám mádeniy tárepleri bolsa G.Lich tárepinen islep shıǵılǵan sıpayılıq principleri arqalı jáne de tereńirek tiykarlanadı. Ilimpaz sóylew procesinde til birlikleriniń tańlanıwı hám qollanılıwı jámiyette ámel etiwshi mádeniy normalar, sociallıq aralıq hám de sóylesiw qatnasıwshılarınıń óz ara múnásibetlerine baylanıslı ekenligin kóriwimizge boladı. Usı principler pragmatikalıq analizde sóylewdiń social funkciyaların anıqlawda áhmiyetli metodologiyalıq ólshem bolıp xızmetin atqaradı [Leech, Geoffrey. 1983]. Solay etip, joqarıda keltrilip ótilgen Morris, Yule hám Lich tárepinen alǵa qoyılǵan teoriyalıq kóz-qaraslar pragmatikanıń lingvistikalıq pán sıpatında qáliplesiwinde áhmiyetli orın iyeleydi. Olardıń koncepciyaları pragmatikalıq tallawdı til birlikleriniń funkcional, sociallıq hám mádeniy ózgesheliklerin kompleksli túrde úyreniwge baǵdarlaydı jáne sıpayılıq kategoriyasınıń ilimiy izertleniwi ushın bekkem teoriyalıq tiykar jaratadı. Sonıń menen bir qatarda, til biliminde pragmatika til hám jámiyet, til hám mádeniyat ortasındaǵı baylanıstı túsindiriwshi tiykarǵı pánlerdiń biri bolıwı menen, tildi kontekstte úyreniwshi pán sıpatında sıpayılıq kategoriyasın analizlewde zárúr qurallarınıń biri esaplanadı. Bul orında formulyar birlikler lingvistikalıq kompetenciyanıń ajıralmas bólegi bolıp, til hám jámiyet ortasındaǵı úzliksiz baylanıstı ashıp beredi. Sonlıqtan olardı pragmatikalıq, sociallıq hám mádeniy jaqtan birgelikte tallaw áhmiyetli.

Til biliminde sóylew procesinde qollanılatuǵın rutinlesken, formulalıq birlikler, atap aytqanda, stereotipli sıpayılıq formulaları til sistemasınıń ajıralmas quramlı elementi sıpatında izertlenedi. Usı birlikler ádettegi grammatikalıq yamasa semantikalıq tallawdan shette turadı, sebebi olar sociallıq, mádeniy hám kommunikativ kontekst penen úzliksiz baylanıslı. Sonlıqtan, formulalıq birliklerdi til biliminde ǵárezsiz izertlew obyekti sıpatında kóriw zárúrligi payda boladı.

Begili alımlardan Charles A. Ferguson formulalı sıpayılıq til quralları til sistemasınıń sociallıq jaqtan turaqlı hám tákirarlanıwshı komponenti sıpatında talqılaydı yaǵnıy, sálemlesiw, minnetdarshılıq, keshirim soraw sıyaqlı formulalar individual dóretiwshilik nátiyjesi emes, al jámiyet tárepinen belgilengen hám qabıl etilgen birlikler bolıp tabıladı [Ferguson, C. A. 1976: 137–151]. Fergyuson sonday-aq, bunday birlikler sóylewdi ápiwayılastırıw hám jámiyetlik tártipti saqlawda áhmiyetli rol oynaytuǵının aytıp ótedi. Bunnan kóriwimizge boladı, rutinlesken formulalıq birliklerdi tek grammatikalıq yamasa semantikalıq kontekstte tallaw jetkilikli emes, olardı tildiń sociallıq-pragmatikalıq funkciyası sıpatında úyreniw

zárúr. Florian Kulmas [Coulmas, F. 1981] usı koncepciyanı jáne de sistemalı túrde rawajlandıradı. Ol óz iskerligi dawamımda, formulalık birlikler standartlasqan,

Koulmas pikirinshe, kúndelikli sóylesiwdiń úlken bólegi áyne usınday rutin formulalar arqalı ámelge asadı. Formulyar birliklerdi úyreniwde Brown hám Levinsonniń júz teoriyasına (Face Theory) qatnası áhmiyetli teoriyalıq tiykar bolıp xızmet etedi. Olardıń pikirinshe sıpayılıq formulaları sáwbet qatnasıwshılarınıń sociallıq júzin saqlaw, olardı húrmet etiw hám óz-ara teńsalmaqlıqtı saqlaw ushın xızmet etedi. Usı mániste, formulalıq birlikler tek ǵana tildiń kommunikativ quralı emes, al sociallıq teńsalmaqlıqtı támiyinlewshi mexanizm sıpatında da qaraladı. G. Lich bolsa pragmatikalıq jantasıwdı keńeytip, sıpayılıq principlerin sistemalı ráwishte analizleydi.

G. Lichtiń pikirinshe, til birlikleriniń tańlanıwı hám qollanılıwı sociallıq normalar, mádeniy qádiriyatlar hám sóylesiw qatnasıwshılarınıń óz-ara múnásibetleri menen tıǵız baylanıslı. Usı kózqarastan, formulalıq birlikler tildiń sociallıq hám mádeniy funkciyaların anıqlawda metodologiyalıq ólshem sıpatında xızmet etedi. Ferguson hám Koulmas formulalıq birliklerdi til sistemasınıń social-pragmatikalıq komponenti sıpatında kóriwdi usınıs etse, Brown, Levinson hám Lich olardıń sóylew hám húrmet funkciyaların teoriyalıq jaqtan bekkemleydi. Solay etip, formulalıq birliklerdi úyreniw tek ǵana pragmatikalıq tallaw ushın emes, al tildiń sociallıq, mádeniy hám kommunikativlik tábiyatın ashıp beriw ushın da zárúr bolǵan konceptual tiykardı jaratadı. Sıpayılıq kategoriyası pragmatikanıń tiykarǵı komponentleriniń biri bolıp, til arqalı sociallıq qatnastı tártipke salıw, júzdi saqlaw hám kommunikativlik teńsalmaqlılıqtı támiyinlew quralı sıpatında xızmet etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**:

1. Brown, P., & Levinson, S. C. (1987). Politeness: Some Universals in Language Usage. Cambridge University Press).
2. Coulmas, F. (1981). Conversational Routine: Explorations in Standardized Communication Situations and Prepatterned Speech. The Hague: Mouton
3. Ferguson, C. A. (1976). The structure and use of politeness formulas. Language in Society, 5(2), 137–151.
4. Leech, Geoffrey. Principles of Pragmatics. London: Longman, 1983.
5. Morris, Charles W. Foundations of the Theory of Signs. Chicago: University of Chicago Press, 1938.
6. 6.Yule, George. Pragmatics. Oxford: Oxford University Press, 1996.